दिन–मंगलवार | दिनांक–23.09.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ कतेको राजनीति दल सभक गतिविधि तेज भऽ गेल अछि। राजद के वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कँ नेतृत्व मे पटना मे महागठबंधनक विशेष बैसार भेल। एहि बैसार मे घटक दल राजद, कांग्रेस, मुकेश सहनी के नेतृत्ववला विकासशील इंसान पार्टी–वीआईपी के अतिरिक्त वामपंथी दलक नेता शामिल भेलैथ। हमर संवाददाता कहलनि जे आजुक महत्वपूर्ण बैसार मे सीट बंटवारा के लऽकऽ गहन विचार–विमर्श कयल गेल।एहि बीच, कांग्रेस कार्य समिति कँ काल्हि पटना के सदाकत आश्रम मे बैसार होयत। एहि बैसार मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे, लोकसभा मे प्रतिपक्षक नेता राहुल गांधी आओर कांग्रेसक वरिष्ठ नेत्री सोनिया गांधी समेत कतेको वरिष्ठ नेता शामिल हेतथि।

---

निर्वाचन आयोग द्वारा कहल गेल जे विधानसभा चुनाव के दौरान बैंक सभ, कँ नकद ढोबाक वला वाहन मे आउटसोर्स एजेंसी कोनो तेसर व्यक्ति या संस्था कँ राशि नहि राखत। ऐना करबा पर राशि के जब्त कऽ लेल जायत। अपर मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी प्रशांत कुमार सीएच कहलनि जे एहि वाहन के संग बैंकक दस्तावेज रखनाय अनिवार्य होयत। ओ कहलनि जे आउटसोर्स एजेंसी सभ सँ वित्त मंत्रालय के मानक संचालन प्रक्रियाक पालन करबाल लेल कहल गेल अछि।

---

जदयू के अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ बेतिया मे एनडीए कार्यकर्ता सभ कँ सम्मेलन के संबोधित करैत लोकसभ सँ एनडीए सरकारक पक्ष मे भोट देबाक लेल अपील कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे डबल इंजनक सरकार बनबा सँ बिहार मे विकासक गति तेज भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार सँ पूरा मददि भेट रहल अछि, जाहि सँ राज्यक चहुमूखी विकास भऽ रहल अछि। कार्यकर्ता सम्मेलन के संबोधित करबा सँ पहिने

मुख्यमंत्री पश्चिम चंपारण के बाल्मिकीनगर आ बेतिया मे एक हजार एक करोड़ पचास लाख टाकाक लागति सँ एक सय बीसटा विकास योजना सभक उद्घाटना आ शिलान्यास कयलनि।

---

एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कार्यकर्ता सभ सँ कहलनि जे पहिने के बिहार मे आओर आबक बिहार मे अंतर अछि। ओ कहलनि जे पहिने आठ घंटा मे पटना सँ बाल्मिकीनगर पहुंचैत छलाह आब चारि घंटा मे पहुंचैत छी। ई अपन सभक बदलैत बिहार अछि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बिहारक विकास भऽ रहल अछि।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सत्ताईस सितम्बर के बिहार दौरा पर आबि रहल छथि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे श्री शाह अररिया, वैशाली आ सारण जिला मे भाजपा नेता आओर कार्यकर्ता सभक संग बैसार करतथि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार छब्बीस सितम्बर कँ राज्यक पचहत्तरि लाख महिला सभक बैंक खाता मे स्वरोजगारक लेल दस–दस हजार टाकाक राशि आनलाइन पठाओल जायत। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे ई राशि मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना के अंतर्गत प्रत्येक परिवार सँ एकटा महिला कँ देल जायत। श्री चौधरी कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी शीघ्रहि पटना मेट्रो आओर गंगा नदी मे वाटर मेट्रो सेवा के शुभारंभ करबाक लेल पटना आबि सकैत छथि।

---

जीएसटी सुधार पर केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि जे एकर बारे मे जे फैसला भेल से ऐतिहासिक अछि। ओ कहलनि जे ई फैसला गरीबक हित मे अछि।

---

शारदीय नवरात्र के दोसर दिन आइ माँ दुर्गा के ब्रह्मचारिणी स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माँ के एहि स्वरूप के पूजा करबा सँ तप, त्याग, सदाचार आओर संयम मे वृद्धि होयत अछि। हमर संवाददाता कहलनि जे मंदिर आ शक्तिपीठ सभ मे भोरे सँ लोक पूजा–अर्चनाक लेल पहुंच रहल छथि। पूरा वातावरण माँ दुर्गाक मंत्र गुजायमान आ भक्तिमय अछि।

———————————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून एक बेर फेर सँ सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभाग जमूई, बांका, किशनगंज आ भागलपुर सहित कतेको क्षेत्र मे भारी बरखाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।